



Disusun ku :  
Ust. Saepudin, S.Ag.

# KHUTBAH 'IDIL FITRI

Taun :  
2009 M/1429 H

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ . اللَّهُ أَكْبَرُ وَبِذِهِ الْحُجَّةُ . اللَّهُ أَكْبَرُ كَثِيرًا  
 وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا . لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ ، صِدْقٌ وَعَدْدُهُ ، وَنَصْرٌ عِنْدَهُ ، وَأَعَزُّ  
 جُنْدُهُ ، وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ . الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا بِنِعْمَةِ الْإِيمَانِ وَالْإِسْلَامِ . وَجَعَلَ مِنْ  
 شَرِّ نِعَمِهِ عِدًّا بَعْدَ الْمَيْتَامِ . احْتِزًّا مِنَ الْمُتَمَيِّزِينَ فِي هَذَا الْيَوْمِ . وَأَمْرًا أَنْ تُكْفَرَ فِي يَوْمِهِ  
 وَلَيْلَتِهِ بِانْتِهَالِ الْتَكْبِيرِ وَالنَّسِيمِ وَصَلَاةِ الْأَرْحَامِ . أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْقُدُّوسُ  
 السَّلَامُ . الَّذِي خَلَقَ خَلْقَهُ إِلَى الْوُجُودِ بَعْدَ الْعَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ  
 الَّذِي هَدَانَا لِمَا طَرِيقَ الْمُسْتَقِيمِ . وَالصَّلَاةَ وَالسَّلَامَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ ذِي الْخَلْقِ الْعَظِيمِ .  
 وَتُورِكُونَا الْكَرِيمِ . وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الَّذِينَ يَتَّبِعُونَ سُنَّةَ رَسُولِ اللَّهِ وَالْقُرْآنِ الْكَرِيمِ .  
 أَعَابَعُدُّ . فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ ، رَجَعْتُكُمْ إِلَهُكُمْ وَأَوْصِيكُمْ وَبَيِّنَاتِي تَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَكَرْتُمْ  
 الْمُتَّقُونَ . اعْوِذْ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ .

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا فِطْرَتَ اللَّهِ الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا لَا تَبْدِيلَ

لِخَلْقِ اللَّهِ ذَلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ وَلَكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾

*"Mangka sanghareupkeun beungeut anjeun kalawan lempeng kana agama Allah; (tetepkeun dina) fitrah Allah anu parantos nyiptakeun jalma-jalma numutkeun fitrah eta. Teu aya parobahan dina fithar Allah. (Eta teh) agama anu lempeng; tatapina lolobana jalma teu nyaraoheun". (Ar-Rum : 30)*

Puji sinareng syukur kasanggakeun ka dzat Nu Maha Ghafur, kalayan taufik, hidayah sareng inayah-Na urang sadaya tiasa nyumponan kana salah sawios rukun Islam anu lima, nyatanya puasa salami sasasih. Mudah-mudahan ibadah saom urang ditampi ku Allah SWT kalawan diuwuh ku karidoan Mantena, amin ya robbal 'alamin.

تقبل الله منا ومكم صيا منا وصيا مكم تقبل يا كريم

انك انت السميع العليم

Sholawat kalih salam mugia salamina dilélérkeun ka panutan alam nyatanya habibana wanabiyana Muhammad SAW, kalih kulawarga, shahabat, aktut umatna anu mutaba'ah kana ajaran mantenna dugi ka yaumul qiyamah.

Hadirin, jamaah Idul Fitri rohimakumulloh.

Ibadah saom téh diwajibkeun ka urang sadaya salaku umat Islam ngarupakeun sarana ujian ti Allah anu buah tina lulusna ujian éta urang sadaya baris dicap sebagai "mutaqin". Derajat mutaqin ieu ngarupakeun derajat anu paling dipikapalay ku sadayana umat Islam. Sabab surga anu legana saamparan bumi jeung langit dicawiskeun keur jalma anu mutaqin. Sakumaha pidawuh-Na :

وَسَارِعُوا إِلَىٰ مَغْفِرَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا السَّمَوَاتُ وَالْأَرْضُ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ

*Jeung kudu gagancangan aranjeun dina ngahontal panghampura Pengeran maraneh jeung ngahontal surga anu legana samparan bumi jeung langit anu dicawiskeun keur jalma anu mutaqin. (QS. Ali-Imran : 133)*

Ujian ti Allah imma nu beurat atawa nu hampang bakal ditibankeun ka jalma mu'min gumantung kana kadar akimanan jeung kelas kamampuanana. Contona ujian di sakola, soal keur budak SD moal sarua jeung soal keur budak SMP jeung saterusna. Kitu deui kadar kaimanan hiji jalma bakal diujina ku Allah gumantung kana tingkatan hiji-hijina jalma. Dina hal ieu Allah SWT moal ngantep kitu-kitu wae ka jalma anu ngaku dirina iman bari acan diuji. Sakumaha pidawuh-Na :

الْمَرْءُ أَحْسِبَ النَّاسُ أَنْ يُتْرَكَوَأَنْ يَقُولُوا ءَامَنَّا وَهُمْ لَا يُفْتَنُونَ ﴿١٠١﴾

*“Alif laam miim. Naha manusa teh ngareken yen maranehna bakal diantepkeun (kitu-kitu bae) ngaromong : Abdi sadaya iman, sedengkeun maranehna teu diuji ? Jeung saestuna Kami geus nguji ka jalma-jalma samemeh maranehna. Mangka satemenna Allah uninga ka jalma-jalma anu jujur jeung Allah oge uningaeun ka jalma-jalma anu barohong.” (QS. Al-Ankabut : 1-2)*

Hadirin jamaah iedul fitri rohimakumulloh,

Saupamina dina predikat haji jalma aya istilah haji makbul, haji mabrur, tawa haji mardud. Saleresna dina ibadah saom oge sami aya istilah éta, nyaéta saom anu paling dipiharep kuurang sadaya taya sanes saom anu makbul tur mabrur. Saom anu makbul hatosna saom anu ditarima ku Gusti Allah kalawan teu géséh saeutik-eutik acan sasuai jeung gawé urang sadayana. Luyu sareng jangji Mantenna :

فَأَسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ أَنِّي لَا أُضِيعُ عَمَلَ عَمَلٍ مِّنْكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ أَوْ أُنْتَىٰ

*“Mangka Pangeran maranehna nyumponan kana pamentana (kalawan ngadawuh) : Saestuna Kami moal mopolerkeun kana amalna jalma-jalma anu beramal di antara maraneh, imma lalaki waimma awewe” (QS. Ali Imran : 195)*

Sedengkeun saom anu mabrur nyaéta saom anu sampurna, saé nyorang kana kakuduan numutkeun aturan agama. Tinemu syarat rukunna, fardlu, sunnahna. Lain ngan saukur puraga tamba kadengda. Leres-leres didadasaran ku *imanan wahtisabani* : iman anu pinuh ku rasa khususu' jeung kaikhlasan, ngawungkulkeun kana miharep ridlo Allah SWT. Tah saom anu kieu téh kaasup saom anu bakal meunang jaminan panghampura Allah tina dosa-dosa sataun anu geus ka tukang.

الله اكبر الله اكبر الله اكبر والله الحمد

Ku jalan *tahaduts binni'mat* urang sadaya ngarasa yén dina jiwa urang téh aya saeutik-eutikeun setruman iman. Anu *Alhamdulillah wasyukrulillah* geuning saom anu saméméhna mah dianggap beurat jeung seungah téh geuning teu sakara-kara, teu

burung tamat. Nanging raraosan kitu téh memang teu dilepatkeun tapi kirang saé numutkeun ahli ibadah mah. Sabab justru jalma anu maqom ibadahnya tos nyorang kana derajat béh luhur mah justru paragatna jeung bulan Ramadhan téh maranéhna ngarasa hanjelu, nalangsa, jeung kuciwa. Alesanana nyaéta yén maranéhna gedé keyakinan yén teu aya deui kesempatan keur ngalintuh-lintuh amal hadé lintang di bulan suci Ramadhan, sedengkeun Ramadhan nu bakal datang tacan tangtu bisa kasorang deui.

Sabalikna keur urang anu ngarumasakeun masih kénéh canéhdér dina kaimanan jeung kayakinannana, justru ninggang dina sababaraha poé deui rék manggih lebaran téh bungah bungang anu taya papadana. Mun sok komo lamun dibéré rijki anu rada loba. Bisa sagala kabeuli, kumpul riung jeung kadang wargi, silih lubarkeun dosa silih papatkeun kasono. Bisa liar deui abring-abrangan, sukan-sukan balakécrakan. Malah lamun ditiénan mah jalma anu pangsagedna sukan-sukan dina lebaran téh justru jalema-jalema anu teu pati paruasa. Katambah deui daékna kumpul gaul jeung batur sotéh pédah waé manéhna boga rasa pang “éééyna” dina pamér harta jeung kaboga.

Peupeujeuh para dulur sadaya, kaayaan urang dina poé ieu téh diitilahkeunana : *kayauma waladathu ummuhu* (ibarat budah anu kakara dipedalkeun ku indungna) dina pada bersihna jalma tina dosa. Godaan-godaan pasti loba anu rangsong pikeun ngokotoran jiwa urang sadaya. Pang-pangna urusan *riya'*, pamér, hayang kaeuleuh ku batur, kayang kapuji ku papada jalma; éta téh pagawéan anu bakal ngaduruk amal hadé urang sadaya.

الله اكبر الله اكبر الله اكبر والله الحمد

Pamungkas, hayu urang ngadu'a ka Gusti Nu Maha Suci, mudah-mudahan saom urang sadaya ditampi kumanten-Na kalawan diraksa tida amaliyah-amaliyah anu mantak ngaruksak amal hadé urang, diuwuh ku keberkahan sareng ridlo Allah SWT. Amin ya robbal 'alamin.

بارك الله لي ولكم ولجميع المسلمين وفعني من الاية والذكر الحكيم وتقبل مني ومنكم تلاوته  
انه هو الغفور الرحيم

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا . وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا . لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ  
 وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُونَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ . الْحَمْدُ لِلَّهِ  
 الَّذِي لَهُ مُقَالِيدُ الْأُمُورِ . أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ  
 قَدِيرٌ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الَّذِي أَمَرْنَا فِي يَوْمِ الْبَيْتِ عَلَى صِلَةِ الْأَرْحَامِ  
 وَالسُّرُورِ . اللَّهُمَّ فَصِّلْ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ بِاخْتَارِ . وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ  
 لَمْ تَغْرِبْهُمْ أَحْيَاءَ الدُّنْيَا وَلَمْ يَغْرِبْهُمْ بِأَعْيُنِ الْعُرُورِ . مَا بَعْدُ . يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا  
 اللَّهَ يَا جَنَابَ النَّوَافِلِ وَأَعْيَالَ الْأَوْلِيَاءِ . اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
 وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ . اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ  
 الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ . اللَّهُمَّ انصُرْ مَنْ نَصَرَ دِينَ مُحَمَّدٍ . وَأَخْذُلْ مَنْ خَدَلَ دِينَ  
 مُحَمَّدٍ . وَأَهْلِكِ الْكُفْرَةَ وَالْمُشْرِكِينَ وَالظَّالِمِينَ وَأَعْدَاءَ الدِّينِ . اللَّهُمَّ سَلِّمْ وَسَلِّمْ عَلَى الْمُسْلِمِينَ  
 وَعَافِنَا وَالْمُسْلِمِينَ . اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغُلُوبَ وَالنَّوْبَاءَ وَالنَّعْثَاءَ وَالْمُنْكَرَ وَالْبَغْيَ مِنْ بِلَدِنَا  
 إِنَّدُو فِئَا خَا مَبَهُ وَمِنْ بِلَدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَةً بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ . سُبْحَانَ  
 رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ . وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

Cijulang, Ramadhan 1429 H

Nu Nyusun ;

Ust. Saepudin, S.Ag.